



Pou Piblikasyon Imedya: 13/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LÒT SIPÒ GOUVÈNMAN FEDERAL SIPLEMANTÈ  
POU KONBAT VAG OMIKWON AN NAN ETA NEW YORK**

***Nouvo Ekip Medikal Militè k ap deplwaye nan de lopital nan zòn Vil New York apati 24 ak 28 janvyè; bati sou sipò ki egziste deja ki soti nan men Depatman Sante ak Sèvis Imen ak Depatman Defans Etazini an pou bay soulajman pèsònèl esanyèl nan Lwès ak New York Santral***

***30 lòt Ekip Kontra Anbilans Nasyonal pral deplwaye anvan 17 janvyè pou sipòte Rejyon Nò Eta yo; gen 80 ekip ki deja deplwaye nan tout eta a pou ede ak transpò pasyan yo ak reponn 911***

***Gouvènè a remèsye Prezidan Biden, DOD, FEMA ak HHS paske yo te bay lòt resous pou soulaje founisè sèvis ijans ki twò chaje yo pandan vag ivènal la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a resous adisyonèl ki soti nan men gouvènman federal la pral rive nan Eta New York bonè nan lendi pwochen, sa k ap bay soulajman nan lopital ak sèvis ijansyo atravè balans chaj pasyan yo ak pou reponn ak apèl 911 yo pandan vag ivènal COVID-19 la. De Ekip Medikal Militè (Military Medical Teams, MMT) Depatman Defans (Department of Defense) Etazini pral sipòte Etablisman Sante ak Lopital NYC yo apati lendi 24 janvyè nan Coney Island ak yon dezyèm vandredi 28 janvyè nan North Central Bronx. Yo estime ekip sa yo gen plis pase 20 manm, ki gen ladan doktè, enfimyè, teknisyen respiratwa ak anplwaye kòmand. Yo pral ede nan konpanse kapasite pasyan yo epi yo pral mobilize pou apeprè 30 jou. Anplis MMT yo, Gouvènè Hochul te anonse tou yon lòt 30 Ekip Kontra Anbilans Nasyonal pral rive nan rejyon nò eta yo apati dimanch 16 janvyè, pou bay ranblè ak sèvis ijans lokal yo ak transpò lopital.

"Mwen vle remèsye Prezidan Biden paske li te onore demann nou an, epi li te deplwaye ekip medikal ki nesèsè yo nan Eta New York pou ede nou konbat vag ivènal la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Resous enpòtan sa yo pral bati sou efò plan vag ivènal nou an k ap kontinye a pou ede lopital nou yo ki gen twò estrès pou yo ka kenbe swen pasyan yo, epi soulaje kèk nan anplwaye medikal nou yo ak sekouris ijans ki epuize yo."

Resous yo anonse jodi a apiye sou resous gouvènman federal la deja deplwaye nan Eta New York, tankou de Ekip Medikal Militè ak Asistans Medikal pou Katastwòf ki

deplaye, youn nan Sant Medikal Konte Erie a epi youn nan Zòn Nò SUNY an nan Syracuse, epi tou ak 80 ekip anbilans k ap sipòte rejyon sid ak rejyon nò eta yo.

Gouvènè Hochul te anonse jodi a tou, Depatman Sante (Department of Health, DOH) ak Sèvis Imen Etazini pral deplwaye yon dezyèm DMAT pou kontinye ede Zòn Nò SUNY avèk balans chaj pasyan yo ak apèl 911 yo. 19 pwofesyonèl medikal ijans te rive soti nan Texas epi yo pral pran misyon an nan men DMAT aktyèl la, ki baze nan Oklahoma, nan dat 15 janvye. Nouvo ekip la pral sou plas jiska 26 janvye, ak misyon pou soulaje founisè sèvis medikal ijans ki chaje twòp yo.

**Komisè pa Enterim Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare.** "Nou apresye anpil resous enpòtan sa yo ki deplwaye pa patnè federal nou yo epi ki nesèsè anpil pandan n ap travay pou konbat ogmantasyon kantite moun ki entène lopital yo atravè eta a. Nou tout nan batay sa a ansanm e mwen rekonesan pou sipò anplis founisè sèvis ijans nou yo ap resevwa. Divizyon an pral kontinye bay gouvènman lokal yo resous eta a yo pou ede tout Nouyòkè yo jan nou te fè pandan pandemi an."

**Komisè pa Enterim Depatman Sante a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare,** "Founisè swen sante nou yo ak pèsònèl sèvis ijans nou yo ap travay 24 sou 24 pou fè nou an sekirite atravè vag ivènal Omikwon a epi nou rekonesan pou sipò gouvènman federal la pou ede soulaje kèk estrès mendèv enpòtan swen sante nou an. Nou akeyi nouvo ekip pwofesyonèl sa a nan New York epi nou remèsye yo pou sèvis yo."

Gouvènè Hochul ap renouvle apèl li pou sipò pèsònèl medikal adisyonèl nan rejyon nò eta yo, sitou nan Finger Lakes. Gen yon demann ki egziste deja nan gouvènman federal la pou plis pase 900 anplwaye klinik yo mobilize ekip entèvansyon atravè eta a. Jiskaprezan, apeprè 60 anplwaye nan ekip DMAT yo nan New York, y ap ede nan ECMC ak SUNY Upstate.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)